



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$60 MILYON POU BARYÈ LIVING BREAKWATERS POU PWOTEJE RIVAJ AK ABITAT STATEN ISLAND

Gayan Prim Efò Rezistans Kotyè se yon repons pou Gwo tanpèt Sandy ak premye nan kalite sa nan peyi a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse demaraj yon pwojè baryè \$60 milyon “Living Breakwaters” ki pral bay defans enpòtan kont ewozyon kotyè ak devlope abitat natirèl pou pwason, krisase ak kristasyon nan rivaj sid Staten Island. Baryè a ki baze nan dlo, sa ki enkli yon resif zwit pou plis brize vag ak filtè dlo lanmè, konplete plan rezistans final Staten Island NY Rising pou pwoteje zòn nan an repons a efè devastasyon gwo tanpèt Sandy. Pwojè Living Breakwaters finanse kòm yon benefisyè nan rekonstriksyon federal pa Plan Konpetisyon.

“Staten Island te afekte anpil pa Gwo tanpèt Sandy, e li nòmal ke premye rekonstriksyon pwojè konsepsyon kap enpleman a pral pou pwoteje kominote sa yo kont move tan ki se rezilta yon klima kap chanje,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwojè sa a pral fè Staten Island vini yon modèl rezistans ak inovasyon, itilize teknik modèn pou kenbe kominote yo pi ansekirite ak pi byen prepare pou pwochen evènman move tan. Map rete tann pou m wè pwojè sa devlope kòm nap kontinye rebati pi byen.”

Living Breakwaters pral bay ko-benefis anviwonmantal pou amelyore kalite dlo ak pwoteje abitat marin nan redwi fòs vag yo nan zòn nan. Yon sistèm konpozan an beton vè resikle pral enstale nan Raritan Bay pou disipe vag destriktif yo, epi entegre ti pòch yo pou sèvi kòm kay pou pwason, kristase ak kristasyon. Strikti yo pral ansemanse tou avèk zwit, ki fòme yon resif zwit ki pral grandi baraj dlo a fizikman pandan letan. Resif zwit la pral anplis tanponnen kont vag ki andomaje, inondasyon ak ewozyon, pandan lap filtre polyan yo nan dlo pò a. Depi li fin konplè, Living Breakwaters pral fòme yon “kolye” nan estrikti dlo ki travèse Staten Island nan rivaj sid la.

Biwo Gouvènè a pou Rekiperasyon Tanpèt pral kòmanse jodia rasanble done pou ede nan konstriksyon Living Breakwaters pou asire konsiderasyon konplè pou anviwonman natirèl la. Pandan pwochen semèn yo konpayi an pral deplwaye bato pou katografye sifas anba dlo a, modèl sediman ak pou idantifye nenpòt obstriksyon. Rapò final ki te soti nan etid yo pral konpile pandan premye semèn mwa jen e yo pral pataje rezilta yo

avèk piblik la atravè Yon Komite Konsèy Sitwayen ki fenk fòme pou ankouraje patisipasyon pandan pwosesis la. Nan kad pwosesis patisipasyon piblik la, pwopozisyon pwojè final la pral sijè a revizyon deklarasyon anviwonmantal e li asosye avèk apwobasyon règleman pèmi federal ak eta.

Komisyone Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York Joe Martens te deklare, “Grasa pwojè Living Breakwaters ansanm avèk lòt pwojè rezistans inovè ki sou wout toupatou nan New York, Gouvènè Cuomo yon fwa ankò ap dirije wout la, montre kijan pou adapte a move tan epi amelyore anviwonman nou an ansanm.”

Direktè Egzekitif Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a Jamie Rubin te deklare, “Grasa pwojè inovè Living Breakwaters, nou vize pou diminye enpak vag destriktif pandan lap ankouraje yon nouvo abita marin kap pwospere. Kontinye efò nou pou balanse strateji anwo-anba avèk apwòch anba-anwo, nou kontan pou n devlope yon Komite Konsèy Sitwayen pou ensite patisipasyon kominote ak kaptire bon jan kalite kòmantè nan men rezidan lokal nou yo.”

Living Breakwaters te konsevwa pa SCAPE/Landscape Architecture e li te jwenn nominasyon kòm yon gayan nan Konpetisyon Rebuild by Design nan mwa jen 2014. Konkou a te lanse pa Gwoup Travay Prezidansyèl Rekonstriksyon Siklòn Sandy e Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini te jere l. Li ankouraje antrepriz entè-disiplinè yo pou kreye plan rekiperasyon ak efò rezistans; Living Breakwaters se youn nan de pwojè Konsepsyon Rekonstriksyon ke Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a ap travay pou aplike.

Administratè Rejyonal HUD pou New York ak New Jersey Holly Leicht te deklare, “Li enkwayableman gratifyan pou wè premye nan sèt gayan pwopozisyon Rebuild by Design chanje direksyon an soti nan ‘konsepsyon plan inovè a ‘pwojè rezistans kapital. Siksè konpetisyon Rebuild by Design pral konfime pa sa ki te konstwi, e jodia, Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a New York ak ekip SCAPE ap bay atravè kowòdinasyon ki san parèy pami gouvènman lokal, eta ak federal, plan anbisyè sa a ki kaptire imajinasyon tout moun ki wè li, kapab e lap vini yon reyalyte nan rivaj sid Staten Island.”

Fondatè & Patnè Scape Kate Orff te deklare, “Nou kontan paske nap travay etwatman avèk Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a sou strateji ankouch sa pou pwoteksyon kotyè nan rivaj Staten Island. Ale delavan esansyèl se plizyè liy defans kont evènman move tan ki deplizanpli enprevizib. Pwojè Living Breakwaters diminye vag, epi redwi ewozyon. Li egalman anbrase moun kòm yon patisipan enpòtan nan bon jan kalite ekosistèm iben, ak itilize enèji ekoloji rejenerativ pou redwi risk ak devlope kouch, yon liy kotyè ki pi rezistan.”

Yo pral konstwi baryè a nan Raritan Bay ak Lower New York Bay, sa ki pi bon pou kiltive yon rezo abita a gran echèl dig ak resif. Fòm ak pwofondè bè a, ansanm avèk lokasyon santral yo, kondisyon kalite dlo, kouran mare a, efò restorasyon zwit ki gen siksè, ak posibilite rediksyon risk, yo tout pwente nan detireman ki pa pwofon nan

sistèm estyè Hudson-Raritan. Anplis de benefis dirèk pwojè sa a, konsèp la se yon strateji rezistans repwodiktif ke yo itilize lòt kote pou redwi enpak domaj vaj la ak ankouraje nouvo abitat marin.

Ansanm avèk entwodiksyon Living Breakwaters, pwojè a pwopoze yon kantite plan rezistans sosyal enkli Water Hub, sa ki se yon etablisman nan rivaj la ki fèt pou l yon espas rasanbleman pou lekti, rankont kominotè ak plis. Water Hub la pral ankouraje pwogramasyon prive ak piblik ki egziste deja e li pral bay espas ak ekipman edikasyon ekolojik sou teren an. Aktivite rekreyasyon ka elaji atravè nouvo pwogramasyon ak opòtinite aksè bò dlo, tankou kanotaj ak lapèch. Tottenville pral vini yon destinasyon rekreyasyon pou rezidan Staten Island yo ansanm avèk vizitè yo ki soti toupatou nan rejyon an.

Pwojè Billion Oyster ak New York Harbor School yo se patnè enpòtan nan efò pwojè pou ranfòse rezistans sosyal Staten Island. Grasa yon plan a gran echèl ak lontèm, plan pwojè Billion Oyster pral restore yon milya zwit kap viv nan pò New York pandan 20 pwochen ane yo pandan lap edike plizyè milye jèn nan rejyon an sou ekoloji ak ekonomi anvivonman marin lokal yo.

Biwo Tanpèt Gouvènè a gen entansyon pou bati sou fondasyon sa a nan travay avèk lekòl yo, biznis ak òganizasyon non pwofi yo, ak moun yo toupatou nan Staten Island ak rejyon an pou kiltive zwit ak delvope nouvo pwogram edikasyon ak sa ki egziste deja. Grasa elajisman pwogram edikasyon ak jerans kotyè sa, Living Breakwaters pral ranfòse yon kilti vibran, kilti ki baze sou dlo, epi investi nan etidyan yo, ekoloji rivaj ak ekonomi yo. Ankouraje patisipasyon moun ki gen enterè nan kominote lokal yo pral kreye entandan òganikman, asire siksè alontèm antrepriz sa.

Direktè Pwojè Billion Oyster Pete Malinowski te deklare, “Nan Pwojè Billion Oyster nou kontan pou n wè efò sa yo ankou. Living Breakwaters make yon chanjman enpòtan nan fason nou panse sou ameman kotyè nou an. Breakwaters pral non sèlman redwi wotè vag yo ak pwoteje rivaj nou yo men li pral sèvi egalman kòm yon refij pou plizyè douzèn espès lokal ak yon platfòm pou angaje timoun nan lekòl lokal yo nan syans ak istwa New York Harbor. Pwojè Billion Oyster se yon plan alontèm pou restore zwit yo nan New York Harbor atravè yon eko-sistèm restorasyon ak edikasyon piblik. Living Breakwaters bay platfòm ideyal pou avanse objektif nou ak fè ansèyman sou ak angaje avèk Pò a yon reyalite pou plizyè milye timoun lekòl nan Staten Island.”

Living Breakwaters konplete efò rezistans ak rekiperasyon NY Rising, toulède sou pati sid rivaj la ak nan Staten Island kòm yon ansanm. Pandan tout devlopman pwojè a, ekip konsepsyon an te travay etwatman avèk anpil patnè kominotè, enkli Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a, NY Rising Komite Planifikasyon Rekonstriksyon Kominotè nan Staten Island, pou tire sou anpil bezwen lokal ak aktif. Konsa, Pwojè Living Breakwaters a entegre “ Efò Plantasyon Tottenville Dunes ak Litoral Dune”, sa ki se yon pwojè pwopoze \$6.75 milyon pou Komite plan rezistans final la. Pwojè dune lan, pandan ke li endepandaman valab, pral plis ranfòse pa breakwaters.

Manm Komite Staten Island NY Rising ak Prezidan Asosyasyon Sivik Tottenville James Pistilli te deklare, "Sa se yon bon nouvèl pou kominote Tottenville la epi espesyalman pou rezidan yo ki te afekte pa Gwo tanpèt Sandy. Living Breakwaters, ansanm avèk yon sistèm dune konplè, pral bay pwoteksyon a kominote sa a ak liy kotyè li a kont pwochen tanpèt yo. Pwojè sa kenbe karaktè ak entegrite kominote a, pandan lap anbrase eritaj martim nou kòm Vil Oyster ap Bati'. Li pral fè yon wout long nan kenbe kominote plaj Tottenville yon plas solid ak dinamik pou viv, e mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak pèsonèl NY Rising pou efò yo pou fè pwojè sa a ale delavan nan aplikasyon l."

Komisyonè Park Vil New York Mitchell J. Silver, FAICP te deklare, "NYC Parks te travay etwatman avèk Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè Cuomo ak Biwo Rekiperasyon Majistra de Blasio ak Rezistans pou avanse plan vil la pou rekiperasyon imedyat ak lontèm atravè iniyativ ki vize pou ranfòse defans kotyè, renove bilding yo, pwoteje enfrastrikti, epi fè katye yo vini pi ansekirite ak pi dinamik. Sa a se yon lòt etap nan bon direksyon ki pral pwoteje kominote yo nan Staten kont pwochen tanpèt yo."

Pwogram Rekonstriksyon Kominote NY Rising

Gouvènè Cuomo te anonse nan avril 2013, pwogram rekonstriksyon kominotè NY Rising ap chèche pou abilite kominote yo ki afekte pa tanpèt yo nan tout eta, ede yo pou rebati pi byen ak pi solid pase anvan. Ansanm, plis pase 650 Nouyòkè te travay sou Komite Rekonstriksyon 66 NY Rising, sa ki te kolektivman pwopoze apeprè 700 pwojè ki te oryante lokalman. Pandan tout pwosesis planifikasyon uit mwa, pwogram lan te gen plis pase 650 reyinyon komite planifikasyon ak plis pase 250 aktivite angajman piblik a gran echèl. Finansman pou alafwa pwojè planifikasyon ak enplemantasyon vini nan Pwogram Rekiperasyon Katastwòf - Sibvansyon Blòk Devlopman.

Enfòmasyon osijè Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a

Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Tropicale Lee. Biwo a envesti \$4.4 milya ki soti nan Blòk Sibvansyon Kominotè HUD – Pwogram Rekiperasyon Katastwòf atravè Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising, ansanm avèk Rekiperasyon Lojman NY li a, Pwogram Enfrastrikti ak Ti Biznis yo, pou pi byen prepare pou pwochen evènman move tan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418